

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG SARAN

#### 5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil pedaran dina bab IV, bisa dicindekkeun saperti ieu di handap:

- 1) Kamampuh nulis sajak siswa kelas VII SMP Negeri 3 Bandung saméméh dilaksanakeun kagiatan diajar ngajar ngagunakeun model pangajaran *Cooperative Integrated Reading and Compoition (CIRC)* hasilna masih kénéh kurang nyugemakeun lantaran nu tacan mampuh nulis sajak leuwih loba batan nu tos mampuh nulis sajak.
- 2) Kamampuh nulis sajak siswa kelas VII SMP Negeri 3 Bandung sabada dilaksanakeun kagiatan diajar ngajar ngagunakeun model pangajaran *Cooperative Integrated Reading and Composition (CIRC)* hasilna kaasup nyugemakeun lantaran jumlah siswa nu geus mampuh nulis sajak ngaronjat.
- 3) Aya peningkatan kamampuh nulis sajak siswa kelas VII SMP Negeri 3 Bandung sabada ngagunakeun model pangajaran *Cooperative Integrated Reading and Composition (CIRC)*, lantern aya béda signifikan antara hasil prates jeung pascatés. Bukti ayana béda signifikan nya éta tina hasil uji hipotesis anu nuduhkeun yén  $t_{itung} (7,83) > t_{tabel} (2,65)$ .
- 4) Model pangajaran *Cooperative Integrated Reading and Composition (CIRC)* efektif pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis sajak siswa kelas

VII SMP negeri 3 Bandung, lantaran aya peningkatan kamampuh nulis sajak siswa saméméh dibéré model pangajaran CIRC jeung sabada dibéré model pangajaran CIRC.

Kacindekan di luhur bias nudukeun yén  $H_1$  (hipotésis kerja) ditarima nya éta, aya peningkatan kamampuh nulis sajak antara hasil prates siswa kelas VII SMP Negeri 3 Bandung semester 2 taun ajaran 2007/2008 saméméh dibéré pangajaran nulis sajak ngagunakeu model pangajaran CIRC jaung hasil postés siswa sabada dibéré pangajaran nulis sajak ngagunakeun model pangajaran CIRC.

## 5.2 Saran

Sabada ngalaksanakeun panalungtikan ngeunaan pangajaran nulis sajak ngagunakeun model *Cooperativ Integrated Reading and Composition* (CIRC), di handap ieu di tetelakeun saran-saran:

- 1) Model pangajaran CIRC kaasup model pangajaran anu éféktif, ku kituna disarankeun pikeun dipaké dina kagiatan diajar ngajar nulis utamana pangajaran nulis sajak.
- 2) Guru-guru basa Sunda kudu parigel dina milih jeung nangtukeun model pangajaran, sangkan leuwih fariasi jeung bias narik minat siswa anu antukna bias ngaronjatkeun préstasi diajar siswa.
- 3) Disarankeun pikeun henteu ngagunakeun hiji model pangajaran pikeun nepikeun bahan pangajaran basa Sunda, sabab bias nimbulkeun rasa bosen dina diri siswa.

